


Chalè lete

Li kont pou
fè w malad



Pa rete nan chalè

Chak ete, nan lavil Nouyòk, moun tonbe malad poutèt chalè a e genyen menm ki konn mouri.

Moun ki pi ekspoze yo se moun ki pa gen è-kondisyone e ki gen youn oswa plizyè nan kondisyon sa yo:

- Moun ki gen 65 lane ou plis
- Moun ki gen maladi kwonik
- Moun ki gen maladi mantal

- Moun k ap pran sèten medikaman (pale avèk doktè w pou ka gen plis enfòmasyon)
- Moun ki pran dwòg oswa ki bwè anpil


È-kondisyone ka sove lavi w

Lè fè cho deyò a, ka fè pi cho toujou andedan an

- Limen è-kondisyone w la lè w lakay ou.
Vantilatè sèlman pa p kenbe w fre lè fè cho anpil deyò a.
- Si w pa gen yon è-kondisyone:
Ale yon kote ki gen frechè, tankou nan yon bibliyotèk, kay yon zanmi w ki gen è-kondisyone oswa nan yon sant piblik ki gen è-kondisyone. Rele 311 epi mande « Ki kote sant piblik ki gen è-kondisyone ki pi pre mwen an ye? »

Bwè anpil dlo jou ki fè cho yo, menm si ou pa swaf

Ou ka ansekirite, konfòtab e ou ka ekonomize lajan, lè w mete tanperati è-kondisyone w la sou 78° oswa sou tanperati fre ki ba a (low cool).



Pwoteje tèt ou lè w deyò a

- Mete rad lejè ki pa kole sou kò w
- Rete nan lonbraj epi pa rete anba solèy la dirèkteman
- Pa fè okenn aktivite fizik ki mande pou fè twòp efò

Aprann idantifye sentòm ki prezante yo lè gen twòp chalè.

Rele 911 oswa ale nan sal dijans lan touswit si oumenm oswa yon moun ou konnen gen sentòm maladi chalè konn bay, tankou:

- Po ki cho, sèch OSWA po ki imid ak frèt
- Feblès
- Vètij
- Kè plen oswa vomisman
- Difikilte pou respire
- Konfizyon, oumenm oswa moun nan wè dè bagay ki pa reyèl (alisinasyon), oumenm oswa moun nan pa konn ki kote nou ye



Aji an bon zanmi!

Lè fè cho anpil:

- Chèche pran nouvèl fanmi w, zanmi w ak vwazen yo, pou asire w yo ansekirite e yo nan frechè.
- Toujou veye siy ki endike maladi chalè.
- Rele 911 touswit si yo prezante sentòm maladi chalè konn bay.